

## Jounen entènasyonan lang kreyòl

Yo konn di konsa lè w'ap pale ak Bondye ou pale an laten; ak zany yo ou pale italyen; ak yon biznismann ou pale anglè; ak yo elèv lekòl ou pale fransè. E kreyòl la, ak kiyès pou w' pale l'? Si w' se yon ayisyen natif-natal e menm si w' se etranje, ou konnen ke w' gen dwa pale kreyòl ak tout moun e tout kote. Kreyòl la pa ni plis ni mwens ke yon lòt lang. Li se lang plis pase ywit milyon Ayisyen ak anpil lòt moun k'ap viv nan anpe lòt zile.

Jou **28 oktòb** la se jounen entènasyonan lang kreyòl. Se yon jou pou nou sonje valè lang manman nou an genyen e poukisa nou dwe lite pou l' ka pran plas li merite nan sosyete a tout bon vre.

Tankou pwovèb la di : « **Baton k' nan men w', se avè l' ou pare kou** » Nan lit lavi a se kreyòl la ki pi gwo zam nou genyen pou kèlkeswa aktivite n'ap mennen an. Pa gen anyen nou pa ka fè ak kreyòl la. Se li ki baz fondamantal sosyete ayisyen an.

Gen moun ki vle fè tèt yo pase pou gwo filozòf ki pran plezi pou di ke gen yon seri de panse ke moun pa ka di an kreyòl, kòmkidire kreyòl la pa yon lang tout bon vre. Mwen menm m'ap reponn moun sa yo : Si w' wè gen kèk refleksyon oubyen kèk panse ou pa ka di an kreyòl konnen ke refleksyon sa yo se nan tèt ou yo pa klè.

Jounen jodi a gen anpil moun lè y'ap pale yo fè yon brasay-kreyòl fransè, anglè pou moutre ke yo pa nenpòt ki. Kòmsi se sa ki pou fè wè ke yo se entelektiyèl, yo se nèg save. Gen anpil ayisyen ki pa wont gonfle lestomak yo pou yo di ke yo gen pwoblèm a kreyòl la alòske gen nan yo k' poko janm kite peyi a pou al viv yon lòt kote. Kounyeya kreyòl mawon vin tounen yon mòd. N'ap pwofite okazyon jounen entènasyonan lang kreyòl la pou n' salye tout gason kanson ak tout fanm vanyan k'ap lite pou bay kreyòl la jarèt. N'ap di yo : « **kenbe fèm, pa lage !** »

## Liberasyon Fanm

Alèkile gen anpil fanm k'ap travay pou fini ak diskriminasyon kont fanm. Kèk asosyasyon fanm kwè gason yo pa bay fanm yo chans pou travay ak rantre nan konpetisyon ak yo. Gwoup fanm sa yo kwè gason yo toujou egzije pou fanm yo rete lakay pou fè tout bagay nan kay la ak pran swen timoun. Mwen menm, mwen pa kwè okenn fanm renmen pou yo trete yo konsa.

Jounen jodi a, fanm yo dwe patisipe menm jan ak gason nan tout aktivite sosyete a. Ni gason, ni fanm yo gen menm dwa ak menm devwa. Sa ki enpòtan se yon pataj tach yo nan kay ak nan tout lòt enstitisyon kote ki gen gason ak fanm. Dayè, nan peyi Dayiti, fanm yo reprezante 51 % popilasyon an. Fanm gen tout dwa pou l'kontinye goumen pou l' jwenn libète l'.

Gen moun ki kwè batay sa a p'ap janm fini paske depi nan kòmansman, medam yo te pran move direksyon nan panse fanm yo kapab egal ak gason. Men, kote move direksyon an? Pou kisa fanm yo pa egal ak gason yo ? Eske fanm yo se pa moun ? Kisa gason yo gen anplis? Anyen.

Pa bezwen gen lese frappe ak anpil fraka tankou ann Almay 1938. An nou respekte lanati. Gason ak fanm la pou konplete yonn ak lòt. Tach yo kapab diferan kèk fwa, men sa pa vle di gen yon moun ki pi fò, gen yon lòt ki pi fèb. Se sèl nan sans sa a, n'ap rive tabli tout ekilib famiyal, ekonomik ak sosyal.

## Sa ki fè anpoul limen?

Lè kouran elektrik pase nan kèk fil metalik, li chofe yo. Toutotan kouran an pi fò, fil la chofe plis, li vin blan, li vin wouj epi li klere. Chalè a tèlman fò ke li ka fonn fil metal la. Gen yon filaman ki fèt ak yon metal ki ka chofe anpil san li pa fonn. Yo rele metal sa a "tengstèn". Pou filaman an ka boule lontan san li pa fonn, yo fèmen li andedan yon boul kristal. Lè pa sikile ladan. Se sa yo rele anpoul elektrik. Chak fwa nou peze yon bouton oswa rale yon fil pou limyè, se kouran elektrik nou fè kouri pase nan anpoul la. Gen anpoul ki klere pi plis pase lòt. Sa depann de gwosè filaman tengstèn nan. Plis filaman an pwès, plis li boule enèji. Li boule plis wat. Mezi ki di nou kantite enèji elektrik chak anpoul bezwen rele wat. Konsa gen anpoul 15 wat, 45 wat... Fòs chak anpoul make sou li. Plis yon kay boule wat se plis lajan mèt kay la ap peye pou sèvis elektrik. Elektrisite